

# Papa Galia sou yon chèz woulant



Se James English ki ekri liv sa a

# Papa Galia sou yon chèz woulant



Se James English ki ekri liv sa a  
Se Marie Schein ki tradui li an franse  
Se Gérald Oriol, Jr. ki tradui li an kreyòl  
Se Teddy Keser Mombrun ki fè desen yo  
Se Jan Ballard ki òganize tèks yo ak foto yo nan liv la

© 2016






**Mwen rele Galia epi  
moun sa a se papa m,  
Ti Gérald.**





Papa m ka sanble  
anpil ak papa w...





**Li renmen lanmè...**




**Epi li renmen pase tan avè m.**

**Men tou, papa m ka yon ti kras  
diferan de papa w paske li fè  
tout bagay sa yo sou yon chèz  
woullant!**


**Papa m gen  
distwofi miskilè...**


**epi, depi li tou piti, li pa kapab mache.**



**Kounye a ke  
li fin gran, papa m  
ap eseye fè lavi a  
pi bèl pou ti moun  
ak gran moun ki  
andikape.**

## **Li se Sekretè d Eta pou Entegrasyon Moun Andikape.**





**Papa m ap eseye amelyore kay  
ak pak ann Ayiti. Kon sa, moun andikape  
ap rive sikile lib e libè lè yo frekante  
espas sa yo.**


**Se sa yo rele « aksesibilite inivèsèl ».**



L ap bay  
pwofesè  
fòmasyon  
pou ti moun  
andikape  
ka ale lekòl...

**Epi l ap bay fòmasyon  
pou gran moun  
andikape ki vle travay...**






**Epi l ap bay sèvis  
reyabilitasyon pou  
moun andikape ka  
rive otonòm.**

**Papa m vle amelyore  
lwa yo ann Ayiti pou moun  
andikape ka rive viv byen.**



**Li di ke nou tout ka kole zepòl nan respekte moun  
andikape pou yo ka viv pi byen.**



**Sa fasil pou mwen...**




**Paske mwen aprann sa nan bon ti mamit – papa mwen !?**





# kanaval pou tout moun





**Gérald Oriol, Jr.** te travay kòm Sekretè d Eta pou Entegrasyon Moun Andikape ann Ayiti. Li t ap sipèvize sèt (7) biwo ki bay moun andikape sèvis. Oriol t ap vize objektif sa yo : kreye opòtinite ekonomik pou moun andikape ; bay moun andikape aksè pou yo jwenn edikasyon ; ranfòse pwoteksyon dwa moun andikape ; ankouraje devlopman yon anviwònman fizik ki aksesib ann Ayiti ; epi devlope resous ak kapasite pou leta ayisyen ka bay moun andikape bon jan sèvis.

Oriol te fè etid ki ba li yon Lisans nan University of Florida epi yon Mètriz nan Harvard University.



**Galia Oriol** renmen danse, monte bisiklèt epi fè lekti ak papa li. Galia ap viv avèk fanmi li Pòtoprens, Ayiti.



discovering  
global citizenship

Panther City  
PRESS  
AN IMPRINT OF TCU PRESS